



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/23/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOTEKSYON POU NOUVO KONSOMATÈ ENÈJI POU SISPAAN PRATIK BIZNIS MALONÈT

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon plan daksyon konpreyansif pou pwoteje konsomatè rezidansyèl ak ti biznis yo kont pratik biznis malonèt nan endistri sèvis enèji andetay apre Komisyon Sèvis Piblik Eta New York te fè yon revizyon nan tout endistri a. Nan revizyon sa yo te jwenn ke plizyè konpayi sèvis enèji, oswa ESCO yo, te sichaje pou sèvis elektrik ak gaz, ansanm avèk neglije pou delivre sou pwomès yo pou ekonomi ak enèji pwòp. Aksyon jodia ap amelyore alafwa pwoteksyon konsomatè a epi asire ke vyolatè yo nan règleman Komisyon an pap gen otorizasyon pou fonksyone nan Eta.

"Nou gen zewo tolerans pou konpayi malonèt sa yo, kote modèl biznis yo se pou mine kontribyab yo avèk pwomès depans enèji ki pi ba sèlman pou delivre fakti kap monte an flèch," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Aksyon sa yo ap derasinen move aktè sa yo epi pwoteje Nouyòkè yo kont taktik malonèt delwayal sa yo."

An repons a rezilta sa yo, Komisyon an te fè yon verifikasyon sou konpayi sa yo e li te entèdi nouvo kontra ESCO avèk kliyan rezidansyèl oswa ti biznis yo kap antre anvigè amwenske yo bay garanti pou ekonomize sou depans, oswa omwen 30 pousan apwovizyonman vini de sous enèji renouvlab. Anplis, Komisyon an ap ranfòse pwosesis pou revoke elijiblite ESCO pou fè biznis nan New York si yo jwenn yo an vyolasyon avèk règleman Eta. Yon règleman "do not knock" te anvigè sa ki bay kliyan enèji yo menm libète pou yon entrizyon enjistifyab tankou sa yo ki anrejistre pou pwoteksyon "do not call" e yap revoke abilite yon konpayi nan New York si yo inyore règleman sou solisitasyon lokal yo vann pòt-an-pòt nan yon rezidans oswa lokal biznis.

CEO nan chak ESCO, oswa ofisye ke li chwazi, ap egalman gen obligasyon pou soumèt yon deklarasyon ki afime ke konpayi an gen konfòmite avèk nouvo règleman yo.

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik Audrey Zibelman te deklare, "Dosye a klè ke kliyan rezidansyèl yo pat benefisye nan sèvis apwovizyonman elektrik ak gaz ki soti nan ESCO yo lè se sa sèlman ke yo te achte. Nou te tandè bò kote twòp konsomatè ke yo te viktim pa maketing malonèt ak agresif ESCO yo ki te fè yo kwè ke yo tap fè ekonomi ke yo pat resevwa. Nou konnen ke gen konpayi ki ka pote benefis reyèl pou konsomatè yo, tankou sèvis enèji efikas ak rezèv enèji pwòp, men nou gen enkyetid ke move aktè sa yo ap irite kliyan yo epi gate mache a."

Pandan reyinyon jodia, Komisyon an te revoke tou elijiblite Engineered Energy Solutions, yon konpayi ki baze Boheme, pou fonksyone nan New York paske konpayi an te neglije pou soumèt dosye konfòmite ke yo te mande l. Nan mwa Janvye, Komisyon an te revoke eglaman elijiblite kat konpayi pou fè biznis nan New York e nan kòmansman mwa sa, Komisyon an te rejte efò endistri a pou kenbe done pri istorik yo sekre.

Aprè aksyon jodia, Komisyon an pral, nan 60 jou, revize sèvis yo ki te kapab benefik pou kliyan yo, tankou regwoupman kliyan oswa bay sèvis enèji efikas epi pèmèt yo ofir sèvis ke yo jije benefik aprè entèdiksyon an, men sèlman apre yo fin fè detèminasyon ke yo nan enterè piblik la. Komisyon an ap konsidere tou kesewa otorite penalite finanyè l, sa kap pèmèt yon penalite pou jiska \$100,000 pa jou pou chak vyolasyon, ta dwe aplike pou ESCO yo, epi keseswa konpayi yo ta dwe egzije pou depoze yon obligasyon pou pèfòmans kap itilize pou penalite oswa ranbousman. Finalman, Komisyon an ap konsidere si yon delè kote konsomatè rezidansyèl la ka anile kontra avèk yon konpayi apre ke yo te resevwa kontra epi pwolonje l.

Sèvis piblik lokal yo nan New York responsab pou fonksyone distribisyon ak sistèm transmisyon kap delivre epi voye bòdwo elektrik ak sèvis gaz natirèl. Pandan ke sèvis piblik yo ka bay tou rezèv elektrik ak natirèl pou achte l nan men jeneratè yo epi delivre l bay konsomatè yo, Eta ap pèmèt founisè enèji yo ki vann andetay fè konpetisyon avèk sèvis piblik yo pou bay apwovizyonman gaz natirèl ak elektrik ansanm avèk lòt benefis tankou sèvis enèji efikas ak rezèv enèji renouvlab.

Atyèlman gen apeprè 200 ESCO ki elijib pou bay elektrisite ak gaz natirèl nan Eta New York. Plis pase 20 pousan nan kliyan rezidansyèl ak ti biznis yo nan Eta aktyèlman ap resevwa enèji nan men founisè enèji andetay yo. Gen apeprè 7 milyon kliyan elektrik rezidansyèl nan Eta New York ak apeprè 4.3 milyon kliyan gaz natirèl.

Revizyon Komisyon an te jwenn plizyè ka kote konpayi sa yo te chaje kliyan yo anpil pou sèvis gaz natirèl ak elektrisite. Resan done ki soti nan Eta montre yon kantite egzanp twoublan:

- Kat konpayi yo nan Hudson Valley te chaje plis pase de fwa sa Central Hudson te chaje pou elektrisite e yon lòt te chaje twa fwa pousantaj sèvis piblik pou gaz natirèl;
- Yon konpayi Vil New York te chaje plis pase twa fwa pousantaj Con Edison pou elektrisite e plizyè lòt konpayi te chaje plis pase de fwa pousantaj sèvis piblik pou gaz natirèl;
- Plizyè ESCO nan Upstate New York te chaje plis pase de fwa pousantaj rezo elektrik Nasyonal;
- Yon plan pousantaj varyab de yon konpayi nan rejyon Finger Lakes te uit fwa sa Rochester Gas & Electric te chaje pou elektrisite.

Anplis, revizyon an te jwenn ka kote plizyè konpayi te ouvètman mal reprezante tèt yo, tankou pretann pou reprezante sèvis piblik lokal la nan fason pou twonpe kliyan yo pou siyen kontra ki koute chè ak nwizib. Pandanke pratik sa yo vyole règleman yo nan eta, anpil konsomatè tou senpleman pa okouran ke yo te twonpe yo, e yo pa kapab pwoteje tèt yo.

Nan mwa Desanm, Gouvènè Cuomo te anonse ke Komisyon Defans Konsomatè te fè yon investigasyon separe ki te bay rezilta nan 1,566 konsomatè kap resevwa \$950,700 nan ranbousman enèji ki soti nan Ambit Energy, youn nan pi gwo ESCO nan Eta. Plent kliyan ki gen rapò avèk pwoblèm tankou taktik lavant predatè ak pri ki pi elve ke sa ki prevwa te plis pase double depi 2013 e aksyon jodia se dènye efò pou mete yon fen nan pratik biznis malonèt sa yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418